

Kurwanya insazi zo mu vyamwa vy'i Queensland Inkuru zo mu Kirundi

AGRICULTURE VICTORIA

Urusazi rwo mu vyamwa vy'i Queensland rwaboneste muri Victoria kandi rutera ivyamwa vyinshi n'ibibogaboga. Uru rukaratasi ruriko izi nkuru ruzogufasha kurondera urusazi rwo mu vyamwa vy'i Queensland mu murima wawe kandi uce ukingira ivyamwa n'ibibogaboga urima ubirinde kwononekara.

URUSAZI RWO MU VYAMWA VY'I QUEENSLAND RUSA GUTE?

Insazi zo mu vyamwa vy'i Queensland zikura ziciye mu biringo bine. Urwo rusazi rurashobora guhinduka ruhereye mw'igi rugashika aho rukura mu minsi 30 iyo ikirere rukuriramwo kimeze neza (nka. 26 ° C).



1. Irigi: Insazi yo mu vyamwa y'i Queensland ita amagi yera, ameze nk'igitoke rukarita mu vyamwa ruba rwagiyeko hamwe no mu bigaboga.

Insazi imwe y'igitsinagore irashobora guta amagi ashika 100 ku musu. Ayo magi afise mm 1 mu burebure kandi aragoye kubona ari mm 1.



2. Urunyo: Urunyo rutoya cane rusa n'amavuta rwabereyeho ruvuye mw'irigi rimwe rimwe. Ibinyo birya ivyamwa, bigatuma ico camwa gica kibora imbere. Ibinyo birakura bigashika mm 9 mu burebure. Igihe kimaze gukura neza, ikinyo kiva muri ico camwa hanyuma kigaca cinjira mw'ivu.



3. Ikinyagu: Kimaze gushika mw'ivu, ikinyo kirahinduka kigacika ikinyagu ciburungushuye, gisa n'ivu, gikomeye. Imbere muri ico kinyagu, ni ho urusazi rwo mu vyamwa vy'i Queensland rukurira.



4. Urusazi rumaze gukura: Urusazi rumaze gukura rwo mu vyamwa vy'i Queensland rungana na mm 7 mu burebure kandi rusa n'ibara ritukura, nivu harimwo n'ibibarabara vy'umuhondo ku mubiri.

Insazi zo mu vyamwa vy'i Queensland zishobora kuboneka mu murima mu Umukubezi, mu Mpeshi no mu Gatasi.

IBITERWA BIKUNZE GUKWEGA INSAZI ZO MU VYAMWA VY'I QUEENSLAND

Insazi zo mu vyamwa vy'i Queensland zita amagi imbere mu vyamwa bitandukanye n'ibibogaboga bitandukanye– ivyo ni vyo twita ibibihaye indaro. Ibintu bimwe bimwe mu biterwa bizwi neza vyerekanwa ngaha hepfo.



Urutonde rukwiriye rubihaye indaro tururonka ngaha kuri uru rubuga ngurukanabumenyi rukurikira www.agriculture.vic.gov.au/qff

KUGERAGEZA GUKINGA INSAZI ZO MU VYAMWA Z'I QUEENSLAND MUMIRIMA

1. Gira isuzuma rya mbere ku nsazi zo mu vyamwa vy'i Queensland

Imitego: raba nimba udutuku tuguruka two mu vyamwa tw'i Queensland turi mu murima wawe mu kubamba imitego y'udutuku tuguruka two mu vyamwa tw'i Queensland. Bamba iyo mitego nko ku metero 1.5 uja hejuru mu gatutu k'i ruhande, mu giti kiguma gitotahaye. Gerageza ibi mu ntango y'iy'iki kiringo c'Umukubezi kandi uzobandanye gushika mu gihe c'ugukanya cane.

Hariho imitego itandukanye ikwegakwega kandi igafata udutuku tuguruka two mu vyamwa tw'i Queensland. Iyo mitego irashobora kandi gukwegakwega no gufata utundi dukoko twiza ku murima wawe, rero urabe neza imba wateze udutuku tuguruka two mu vyamwa tw'i Queensland imbere y'ugukoresha imiti yica ubukoko ku biti vyawe canke ku biterwa vyawe.

2. Uburyo bwo kuvyirinda

Ni wasanga hariho insazi zo mu vyamwa tw'i Queensland mu murima wawe, uzorinda neza ukoresheje uruvange rw'uburyo bwinshi bwo gukingira uwo murima wawe. Tangura urondere ubwo buryo bwo gukingira umurima wawe n'imiburiburi amayinga 6-8 imbere yuko ivyo vyamwa vyera ukavyamura kubera insazi zo mu vyamwa vy' i Queensland zishobora guta amagi imbere mu camwa kija gikomeye no mu camwa gisa n'urwatsi rubisi.

Gukumira ni vyo vyiza kurushiriza: Koresha umusegetera utege insazi, imipfuko canke utundi tuntu dupfuka ivyamwa iyo vyahejeje kuvuka kugira ngo uhagarike insazi zo muri Queensland zitera zikonona ivyamwa mu guta amagi muni y'icamwa no mu bibogaboga. Ni washiraho umusegetera ntuwukundire ko ukora ku camwa.



Imitego y'ica

Imitego y'insazi zo mu vyamwa vy'i Queensland hamwe no n'utundi dukoko dushobora gukwegakwega izo nsazi kandi tugata amagi mu vyamwa mu murima wawe imbere yuko turya ivyamwa: Rondera imitego yica insazi z'igitsina gore n'insazi z'igitsina gabo. Imitego yonyene ntiha gije kugira ucungere insazi zo mu vyama.


Hari imiti yica udukoko dutoduto yica insazi zo mu vyama vy'i Queensland. Imiti yo gupomba no kwica insazi ishobora kwonona iyo ikoreshejwe mu buryo butari bwo - banza usome neza umenye ivyanditswe kuri uwo muti ugomba gukoresha ivyo wica n'ivyo ukiza.

Ivyo bintu vyose birwanya insazi urashobora kubigira mu mahinguriro canke aho badandariza imiti yo kurwanya ubukoko kandi mbere urashobora kubikumira ukoresheje umurongo wa internet ku babidandaza.

3. Suzuma ivyamwa vyawe n'ibibogaboga

Raba aho uruboyi rw'insazi rwinjiriye canke ruri ku gishishwa canke imbere mu camwa kandi urabe ibinyo vyoba biri imbere mu camwa no mu bibogaboga.

Uruboyi rw'insazi



4. Gucungera neza umurima (isuku ryiza)

Amura kandi ukoreshe ivyamwa iyo vyeze bigahishira. Kura mu murima ivyamwa vyose n'ibibogaboga vyose vyamaze kubora, vyamaze kurwa hasi, kandi ukureho ivyamwa udashaka kurya. Ibi bizohagarika insazi z'i Queensland kurwirirana mu murima, no kutavyarira mu murima wawe.

Honyora ututurire ibiti vy'iyamwa kugira ngo ushobore kubishikira mu kwamura ivyamwa, ukoresheje umusegetera wo gutega udukoko tuguruka ari zo nsazi.

Imbere yuko uta icamwa, ukwiriye kubanza kwica ibinyo vyose biri imbere muri "frigo(Icuma gikanyisha), microwaving (icuma gishusha indya), boiling(icuma gishusha amazi)" canke solarising (utekerre ico camwa caboze mu mupfuko canke sashe ya plastic maze urekere ivyo watekeye muri iyo sashe ku zuba n'imiburiburi imisni 14). Uhejeje gukora gutryo, ico camwa catekewe muri sashe gishobora gutererwa harya mu gaseke canke agakoresho utereramwo, ushiramwo umucafufu.

Ntushire muri nyabarega ivyamwa n'ibibogaboga vyamaze guterwa n'insazi canke vyamaze kwononekara no kubora yononywe n'insazi z'i Queensland.

Iyo udashoboye gucungera neza no gukurikirana ibiti vy'iyamwa vyawe n'ibiti bivako ibibogaboga, bisubirize n'ibindi bito bidashobora guha insazi indaro ubisubirize n'ibiti vyo gushariza (uburorero ibiti kavukire vy'iyamwa canke igereveriyoye).

NTIMUKWIRAGIZE INSAZI ZO MU VYAMWA VY'I QUEENSLAND

Uburyo bwiza bwo kubuza insazi zo mu vyamwa vy'i Queensland gusanzara no kwandukira ibindi bibanza ni ukudatemberana ivyamwa vyanduye, vyaboze canke ibibogaboga vyanduye, cane cane ivyo vyamwa n'ivyo bibogaboga wateye i muhira iwawe.

Urashobora kurishyirwa ihadabu hamwe ufashwe utemberana ivyamwa canke ibibogaboga vyanduye imigera y'insazi mu bice bimwe bimwe - ku zindi nkuru ronderera kuri www.interstatequarantine.org.au.

Izindi nkuru urashobora kuzisanga kuri www.agriculture.vic.gov.au/qff canke ugahamagara ku bajajwe kwakira abafise ico babaza kuri 136 186.

Vyemewe kandi bishirwa ahabona n'igisata c'i Victoria cerekeranye n'ubuzi, Precincts and Regions, 1 Spring Street, Melbourne, March 2020

© The State of Victoria Department Jobs, Precincts and Regions 2020